


Meri nebhutsu tsvuku



Ignatius T. Mabasa

Meri nebhutsu tstvuku

nalignatius T. Mabasa

Mifananidzo naB. Kwaramba



www.bhabhubooks.com

Copyright © 2013, Bhabhu Books. All rights reserved.

No part of this publication can be reproduced, stored in a retrieval system, or transmitted in any form or by any means — electronic, mechanical, photocopying, recording or otherwise — without prior permission of the Publisher.

ISBN 978-0-7974-5100-1

Printed in Harare, Zimbabwe

Meri akatumwa namai vake kuti aende kwaambuya vake nebhegi. Mubhegi rakapihwa Meri, maive marongedzwa zvinhu zvekuti ambuya vagobatsirikana nazvo zvaiti shuga, mafuta ekubikisa, mafuta ekuzora, masamba nemari yekushandisa. Kumba kwaambuya vaMeri kwaive kusiri kure zvakanyanya zvekuti munhu aida awa imwe chete kuti abve kwanaMeri.

Meri akapihwa bhegi riya, akabva apinda munzira. Nzira yekuenda kwaambuya vake yakanga yakanaka nekuti yaive nzira yaifamba vanhu nguva nenguva. Yaive nzira yaizonovasvitsa kumugwagwa mukuru wekuchipatara nekuchikoro.





Meri akaisa bhagi riye pamusoro nekuti rairema. Akatanga kufambisa achiitira kuti zuva risazonyanya kupisa asati asvika. Meri akati afamba, ave kure nekumba, akaona kabhutsu katsvuku kakanaka zvinonwisa mvura. Akanga asati amboona bhutsu yakadaro muhupenyu hwake. Yaive yakanaka kunge keke chairu. Asi chakashamisa Meri ndechekuti bhutsu iyi yakanga ingori imwe chete, iri yekurudyi.

Meri akamira, akaburutsa bhagi rake. Akafamba akanosimudza bhutsu iye. Yaive iri itsva chaiyo, isina kumbotsika pasi. Meri akabvisa pata-pata rake rekurudyi, achibva apukuta guruva raive patsoka yake, ndokuyedza kupfeka bhutsu iye. Yaive saizi yake chaiyo, kuita sekuti vanhu vakaidzira vakanga vagadzirira iye.

Meri akanyemwerera achiona gumbo rake rakazorora muhutepfetepfe hwebhutsu tsvuku yakanaka iyi. Ipapo achiri kuyeva gumbo rake nebhutsu yaro, pakapfuura murume nemukadzi wake. Meri akabva aviga tsoka yaive nekabhutsu katsvuku kaye kuseri kwebhegi raakanga agadzika pasi. Akabva akwazisa murume uye nemukadzi wake, vakamudaira vachibva vapfuurira nerwendo rwavo.

Meri akasara achiyeva runako rwebhutsu iya. Akabva ati, "Chete yadzoka yoita imwe chete, dai imwe yacho iripo ndabva ndanyatsochena kudarika mambokadzi chaiye."

Ipapo akabva abvisa bhutsu iye, achibva aigadzika parutivi penzira paaive aiwana. Mwoyo wake wakamurwadza paakasimudza bhegi rake osimudzira nerwendo rwake. Akafamba achingofunga nezvebhutsu iye tsvuku yakanga yamukwana zvinoshamisa. Akanga achiti, pamwe pane munhu aidonhedza. Asi, imwe pfungwa yakamuti, "Asi haina kumbobvira yafambiswa, saka haingave bhutsu yemunhu."

Akati afamba kwechinguva, achifunga nezvebhutsu tsvuku iye, akangoerekana aona, imwe bhutsu tsvuku yakafanana neiya yaakanga asiya kumashure. Asi iko zvino, yakanga yave bhutsu yekuruboshwe. Meri akaburutsa bhegi rake akatura befu akati, "Ndiri benzi chairo. Dai ndangotora imwe bhutsu iye yandasiya kumashure kuya." Akabva agara pasi achiyedza bhutsu iye mune rimwe gumbo, ichibva yanyatsoti gedye! Mwoyo waMeri wakafunga zvekudzokera kumashure kwaakanga asiya imwe bhutsu iye. Asi zvakamunetsa kuti adzokere kumashure akatakura bhegi rinorema.



Akabva afunga zvekusiya aviga bhutsu iye pamwe chete nebhegi rake muzvimakwenzi zvaivepo pedyo nemugwagwa.

Meri akaviga bhegi rake neimwe yebhutsu dziye. Akabva atanga kumhanya semhepo achidzokera kunotsvaga imwe bhutsu yaakanga asiya kumashure. Vanhu vakamuona achimhanya vakafunga kuti pamwe pane chinhu chaona chamuvhundutsa.

Akati asvika paye paakanga amboona imwe bhutsu iye, akawana pasisina chinhu. Hana yake yakarova, akafunga kuti pamwe pane munhu atoinhonga. Akatanga kubvunza vamwe vanhu vakanga vachingozvifambirawo kuti vakanga vasina kumboona bhutsu tsvuku here. Asi vanhu vese vaakabvunza vakati vakanga vasina kumboiona.

Meri akatanga kufamba achidzokera kuye kwaakanga asiya bhegi rake neimwe bhutsu tsvuku. Asvika paakanga asiya

bhegi, akawana bhegi, zvese neimwe bhutsu pachisina. Meri akabva ati pfurugwada pasi akatanga kuchema. Akazviona ipapo kuti akanga atambwa, uye kuti ruchiva rwemucheno rwakanga rwamuparira. Meri akatya kudzokera kumba nekuti aiziva kuti amai vake vaipenga zvekudya marasha chaizvo. Saka Meri akazoenda kwaambuya vake asisina bhegi nezvese



zvaakanga arongedzerwa namai vake. Akanga ave kufunga kuti anyepe kuna ambuya vake kuti abirwa bhegi nematsotsi, asi akazorangarira kuti kuchechi kwakanzi vanhu vanonyepa ndivo vana vaSatani.

Akaudza ambuya vake chokwadi chese. Ambuya vake vakazotsanangurira amai vaMeri kuti chii chakanga chaitika. Meri akanga adzidza chidzidzo chakawoma.

Mibvunzo

1. Meri akangwara here kana kuti akapusa? Sei uchidaro?
2. Ndezvipi zvinhu zvitatu zvatinodzidza munyaya iyi?
3. Chii chakaipira ruchiva?
4. Iwe unofunga kuti Meri paakashaya imwe bhutsu yakanga yaenda kupi?
5. Nyora nyaudzosingwi mbiri dziri munyaya iyi.
6. Kufunga kwako Meri mwana akanaka here? Sei wadaro?
7. Ko dai Meri akawana imwe bhutsu sezvaakanga achifunga kuti ndizvo zvichaitika, unofunga kuti aizonoti chii kuna mai vake pamusoro pebhutsu idzodzo?
8. Chii chakaipira kunhonga zvinhu?
9. Amai vamai vangu ndinovati ani? (muramu, tete, ambuya)
10. Kutakura zvinhu nemusoro kunonzi kuita sei? (kuyanika, kutatarika, kutsiga, kujima)

